Ассаламу гӀалайкум!

# АХИХЪАН

№ 16 (7365)
11 Апрель 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Халкъияв оратор кӀ одо гьавуна



2 апрелалда МахӀачхъала шагьаралъул вокзалалда бугеб Майданалда букӀана цӀар арав политикияв хӀаракатчи, цӀа гӀадав революционер, Дагъистаналъул тӀоцевесев рагъулав комиссар, нилъер ракьцояв МахӀач Дахадаев гьавуралдаса I37 сон тӀубаялде буссараб рохалилаб тадбир. Гьеб гӀуцӀун букӀана МахӀачхъала шагьаралъул администрациялъ. Программаялде гьорлъе унаан кӀудияв политик М. Дахадаевасул памятникалда цере тӀугьдузул венокал лъей, саламалъулал рагӀаби аби, тахшагьаралъул творческиял гӀадамазул гӀахьаллъи, концерталъулаб бутӀа.

Общественнияв хӀаракатчиясе жидерго хӀурматалъулаб налъи кьезе Майданалде ракӀарун рукӀана: МахӀачхъалаялъул мэр С. Дадаев, шагьаралъул Киров районалъул администрациялъул вакилзаби, гӀелмияб ва творческияб интеллигенция, шагьаралъул депутатазул корпус, Унсоколо районалдаса делегация.

Тадбиралда кӀалъазе вахъарав С. Дадаевас рагӀа-ракьанде шун бихьизабуна М. Дахадаевасул Дагъистаналъул гӀумроялъулъ бугеб кӀудияб роль.

Данделъиялда кӀалъай гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовасги. Гьес абуна: «Нилъ чӀухӀула нилъер умумаздаса, гьел кӀочон тейги рикӀкӀуна биччазе бегьуларебльун. Нижер щибаб росдал буго унго-унголъунги чӀухӀизе бегьулеб тарих.

Кидаго нижер районалъе цӀар гьабулаан бахӀарзазул район гӀадин. Гьел ккола имам Шамиль, имам ГъазимухӀамад, ХъахӀабросулъа МахӀмуд. Гьел гвангъарал мисалаллъун руго нижер щибаб къойилаб хӀалтӀуе. Гьезда релъараллъун рукӀине хӀаракат бахъизе ккола щивав гӀолилас. Жакъа божун абизе бокьун буго жеги рахьина нижер ракьалда гьединал гӀадамал»,-абун.

Гьединго кӀалъана шагьаралъул округалъул Собраниялъул депутатазул пред. А. МуртазагӀалиев, тарихалъул музеялъул гӀелмияй хӀалтӀухъан К. Жаккаева, шагьаралъул общественнияб палатаялъул пред. С. ГӀабдулкъадиров, «М. Дахадаевасул фондалъул» правлениялъул член ГӀ. ХӀажиев ва цогидалги.

«ХӀурматиял гьаб тадбиралъул гӀахьалчагӀи! ракӀ-ракӀалъ баркала загьир гьабизе бокьун буго нужер щивасе, хасго С. Дахадаевасе ва цогидалги хӀаракатчагӀазе. Гьарула нужер щивасе кинабго лъикӀабщинаб. Баркала жакъа нижгун рукӀаралъухъ»,-ян абуна ахиралдаги ГӀ. НурмухӀамадовас.

## Федералиял проектазул бицана

Араб анкьалда райадминистарциялъул бетӀерасул кабинеталъуб букӀана федералиял проектазул суал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьенир гӀахьаллъана бетӀерасул зам. С. АрулмухӀамадов, бетӀерасул кумекчи ГӀ-ХӀ. ГӀумаров, жилищниябгун коммуналияб магӀишаталъул МКУялъул нач. А. ГӀабдулхаликъов, гьелъулго бетӀерав специалист ХӀ-М. ГӀабдурахӀманов.

Данделъиялда бицана «Чистая вода», «I50 школ», «Формирование комфортной городской среды» абурал приоритетниял программабазул.

«Дагъистаналда хӀалтӀулеб буго «I50 школ» абураб гӀаммаб лъай кьеялъул школал къачӀаялъул РДялъул БетӀерасул хасаб программа. Гьелда гьоркьор гӀахьаллъизе школазул директораз ракӀаризе ккола документазул пакет ва заявка кьезе ккола проекталде. ТӀад къалеб буго гьеб проекталда лъай кьеялъул гӀезегӀанаго бакӀал ккезариялъул ишалде жавабчилъигун балагьизе»,-ян бихьизабуна гьениб бетӀерас. Гьенибго бицана кинаб къагӀидаялъ гьеб суал тӀубазабиздехун ралагьилелали. ГӀашилтӀа, Гениб, Унсоколо, Шамильхъала поселокалде лъим бахъиялъул проектниябгун сметаялъул документация хӀадуриялъулги бицана гьениб. Гьединго бицана гьаб унеб соналъ нухазе ремонт гьабиялъе субсидиязул 2 миллионалдаса цӀикӀкӀараб гӀарац биччан бугилан.

# Жавабчилъи борхизабизе ккола

## (Гьоркьоб лъуна РДялъул БетӀерасул Послание)

Араб анкьалда райадминистрациялъул данделъаба зул залалда букӀана РДялъул БетӀер В. ГӀ. Васильевас Халкъияб Собраниялде гьабураб Послание гьоркьоб лъолеб данделъи. Гьениб республика цебе бачиналъе гьаризе хӀисабалде росарал хӀалтӀабазде кӀвар кьураб гӀатӀидаб информация гьабуна райадминистрация лъул бетӀерасул зам. С. АрулмухӀамадовас. Данделъиялда гӀахьаллъана райадминистрациялъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадов, РДялъул «Единая Россия» ВППялъул фракциялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухӀамадов, учреждениял-организация зул нухмалъулел, хӀалтӀухъаби.

Жиндирго кӀалъаялда С. АрулмухӀамадовас гьадин тӀадчӀей гьабуна: «Регионалъул нухмалъулезул Посланиялда кӀвар кьун бицун буго РД цебетӀезабиялъе гӀагараб заманалда гьаризесел тадбирал. РФялъул Президентасул рихьизариял ккола нилъер улкаялъул киналго тӀурачӀел масъалаби гӀумроялде рахъинариялъего гӀадин республика цебе бачиналъе чара гьечӀого тӀуразе кколеллъун. Жакъа нилъер улка цебе тӀолеб буго миллиял проектазда рекъон, гьел руго I2, гьениб бихьизабулебги буго гӀадамазул гӀумро лъикӀлъизабиялъе кигӀанисеб къадар пачалихъияб гӀарац хвезабизе бугебали.

РДялда пачалихъияб политика рекъезабун буго. Гьел мурадазда 2018 сонадла РДялъул нухмалъиялъ 28 федералиялгун исполнительниял органаз цоцазе кумек гьабулел планал гьарун руго. Аслияб кӀвар кьун буго хӀалтӀул харж ва пособиял гӀодобегӀанаб букӀиналде, гӀадамазул цӀуничӀеб категориялде кӀвар кьеялде руссарал принципал хӀалтӀизарун руго РФялъул Президентасул Посланиялда, кӀвар кьолеб буго захӀматалъул гьоркьорлъаби цӀуниялде, регионазда гьоркьохьеб хӀалтӀул харж борхизабиялде. Нилъер правительствалъеги тӀадкъай кьун буго лъимазул пособиязул размерал рорхизариялъе. Посланиялда абулеб букӀахъе аслияб кӀвар кьезе ккола инвалидал хӀалтӀуде росиялдеги.

2019 сонада планалде босун буго сахлъи цӀуниялъул 11 объект базе, рагьун буго 200 хӀалтӀулаб бакӀ. Гьединго унеб сонада хӀисабалде босун буго 52 школалъул гӀумроялде рахинчӀезул учреждениял разе. Гьеб гурероги гьаб сонадаго республикаялда базе гьорлъе лъугьунел руго 33 школа. Нилъер районалдаги Унсоколо росулъ базе буго I20 лъимадуе бакӀ бугеб ясли-ахалъул мина. Бан рагӀалде бахъинабизе буго Балахьуни школа, Унсоколо росулъе рачине руго лъел мухъал.

ХъитӀабалда жанир ругел киналго мурадал рухьарал руго лъикӀал рахъал цӀуниялде, экономика, социалияб рахъ лъикӀлъиялде, гӀадамазул рукӀа-рахъин лъикӀлъиялде, гьединго улкаялда рекъел, рагӀи дандеккей букӀинабиялде.

Республикаялъул БетӀерас абухъе В. В. Путин вуго кидаго нилъгун-республикаялъе ва улкаялъе захӀматал къояз. Нилъеца, Дагъистаналъул халкъалъ кидаго ккуна ва кколеб буго Президентасул курс. Нилъ руго цо команда! РачӀаха нилъги рукӀинин цо командалъун,-ян лъугӀизабуна С. АрулмухӀамадовас жиндирго кӀалъай.

Хадув кӀалъана ГӀ. НурмухӀамадов. Гьес абуна: «В. ГӀабдугӀалиевичасул ХитӀаб буго кутакалда бичӀчӀизе бигьаяб, цӀубараб, киналго хӀажатал рахъалги гьорлъе рачун хӀадурараб программаялъулаб документ»,-абун. Гьесул рагӀабазда рекъон регионалъул бетӀерас чӀванкъотӀараб анализ гьабун буго республикаялда социалиябгун экономикияб цебетӀеялъул. КӀвар кьолеб буго росабаздеги. Гьединаб заманалда щивас жавабчилъиги борхизабизе кколин тӀадчӀей гьабуна гьес хадубги.

**Ахихъан**

Районалъул газета

№ 16 (7365)

11 Апрель 2019 сон

2 гьумер

## Сахлъи цIуниялъул Къо

ТIабигIаталъ инсанасе кьураб тIадегIанаб бечелъи буго сахлъи. Гьелда бараб буго чиясул физическиябгун моралияб ахIвал-хIал. ХIалхьи гьабизе заман гIунгутIиялъ, шура-хъури дагьлъиялъ, кванил низам цIунунгутIиялъ хехго хвезабула чияс гьеб. РачIа кинабго гIакълугун бачун талихIаллъун рукIинин!



# Сахаб гIумро гьабиялъул мурадалда

Гьал къоязда Унсоколо росдал администрациялда букIана «БитIун кванай ва кванил цIам хIалтIизаби»,-абураб темаялда семинар. Гьеб букIана нформационнияб хасияталъул тадбир. ГIахьаллъана Унсоколо росдал бетIер XI. ГIабдулаев, росдал имам А. Дахадаев, росдал организациял-учреждениязул нухмалъулел, администрациялъул хIалтIухъаби ва цогидалги.

Гьениб районалъул Централияб больницаялъул бетIер ГI. МухIамадовалъ, врач-эндокринолог П. МухIамадовалъ, участковияй врач-терапевт Р. ГIабдулаевалъ бицана битIун кванаялъул бугеб кIваралъул. Семинар бихьизабизе буго росдал студиялдасанги. Гьелда цIикIкIараб кIвар кьун буго цIам цIикIкIун кванaзе бегьунгутIиялде, гьеб цIикIкIани



давление тIаде бахун инсульт ккезе бегьиялде.

Семинаралдаса хадуб врачазе г1емерал суалал кьуна гIахьалчагIаз.

# Медиказулгун дандчIвай



Араб анкьалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун дандчIвазе рачIун рукIана Генуб росдал участковияб больницаялъул коллектив ва росдал жамагIаталъул вакилзаби. Гьез бицана Генуб участковияб больница къазе хIисабалде босун бугин, гьеб биччангутIиялъе кумек гьабе,-ян. Больницаялъул киналго хIалтIухъабаз, гьезул вуго 11 чи ва бетIерав врач М. Расуловас бетIерасда гьадин бицана:

«Росулъ гIумро гьабун руго 5200 чи, гIемерисел хъизаназда руго унтарал, херал, гIемер медицинаялъул кумек ахIизе кколел гIадамал. гьединго росу буго федералияб нухда аскIоб, нухда щибниги ккаралги рачIуна гьеб больницаялде тIоцебесеб кумек хIажалъун. Больницаялда буго I0 койка. ХIакъикъаталдаги гьел кидаго цIун рукIуна. Гьединго гьенир чIезарун руго киналго санагIалъаби, терапевтасул, процедурабазул кабинетал, лаборатория. Росдал унтарал ва херал гIадамаз гьарулеб буго больница къангIутIиялъе кумек гьабе»,-ян.

Жиндирго иргаялда кIвараб квербакъи гьабилин рагIи кьуна ГI. НурмухIамадовас.

Врач - тIадегIанаб цIар

# ГьитIичал хвасар гьарулаго араб гIумро



«ТIасияб рахъалъул специалист, жиндирго ишалъул камилай махщелчIужу, гIемерал гьитIичазул гIумро хвасар гьабурай врач Зубаржат МухIамадовналъе, отпускаялъ гIагараб ГьаракIуни росулъе щвезе ячIаниги хIалхьи букIунаро. ТIолабго районалдасаго рачIуна жиндерго унтарал лъималги рачун гьелъухъе, лъимал сахго гIеялъе гьезул эбелинсуе кидаго кумекалъе ятула гьей»,-ян абула росуцояз Зубаржатил хIакъалъулъ.

Зубаржат МухIамадовна йиго I942 соналъ гьаюрай гIадан. 49 соналъ хIалтIана гьей гьанжего гьанже гьарурал лъималазул врачлъун – педиатрлъун. ГьерекIдерил анкьго сонил школаги лъугIизабун цIализе лъугьана Буйнакскиялъул медучилищеялде. I970 соналда лъугIана Дагъистаналъул Медицинаялъул институталда сах гьариялъул факультет. ДГМИ лъугIун хадуб ардинатураялда цIалана карандаса тIечIел лъималазул врачлъун яхъине. Гьелдаса нахъе хIалтIана республикаялъул лъималазул клиническияб больницаялда отделениялъул завлъун.

I987-I99I соназ Зубаржат МухIамадовна хIалтIана республикаялъул инфекционнияб больницаялда, тIуразарулаан РДялъул Минздравалъул аслияв специалистасул тIадал ишал, хIалтIана республикаялъул лъималазул Рукъалъул бетIерав врачасул замлъунги. I997 соналда хIалтIана гьанжего гьанже гьарурал лъималазул патологиялъул отделалъул завлъун, 2003 соналда гьебго отделалъул врач-ардинаторлъун. Гьединго I99I соналда хIалтIана ГьаракIуни больницаялъул бетIерай врачлъун. 2009-20I8 саназда хIалтIана МСЭялъул 4 составалъул бюроялъул медико-социалияб экспертизалда нухмалъулейлъун. ГьабсагIаталда хIалтIулей йиго У. Катиновасовалъул цIаралда бугеб медицинаялъул централъул педиатрлъун. Гьединго Зубаржат йиго Унсоколо районалъул хIурматияй гражданин. Гьей кураторлъун йиго Унсоколо районалъул ва Хасавюрт шагьаралъул.

Кидаго тIадаб хIалтIудехун Зубаржат ялагьула кIудияб жавабчилъигун. Жиндирго махщалил балъголъаби барахщичIого кьола цадахъ хIалтIулезе, йиго гIолел врачазул насихIатчIужулъун.

Намус бацIцIадаб хIалтIуе гIоло чанго нухалъ мустахIикълъана гьей РДялъул Сахлъи цIуниялъул Министерствалъул ХIурматалъул грамотабазе, щвана «СССРалъул Сахлъи цIуниялъул отличник» абураб гIаламат, «Дагъистаналъул мустахIикъай врач»,-абураб цIар ва гь. ц.

Зубаржат йиго гIадатияб гуреб бажария лъул, пикру цебетIурай, гIорхъи гьечIого хIалтIи бокьулей, щивасул гIумроялъулъ лъикIаб рахъалъ лъалкI тезе хIадурай гIадан. ЛъикIал качествабазул кумекалдалъун бигьаго гIадамазул ракIазулъе нухги бахъула гьелъ.

КIиго лъимал руго гьелъул, васги ясги. Руго лъабго лъималазул лъимал. Гьезулги МахIачхъалаялда лъугIана Дагъистаналъул пачалихъалъул Медицинаялъул академия. ГIатIидго, гIемерал лъугьа-бахъиналгун бицине бегьилаан З. МухIамадовалъул рахъалъ. Гьел руго гьелъул лъикIлъабигIан гIемерал. КIудияб адабгун гIодоре къулун баркала кьезин гьелъие киналъухъго!

**Р. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

Китаялдасан салам

# *Пластмассалъул ханал*

Китаялдасан Россиялдеги рачIана гьересиял ханал. Гьел гьаризе Китаялъул предпринимателаз хIалтIизабулеб буго углекислияб калий, желатин, анальгинат кальция ва кванил кальциялъул хлорид.

Гьересияб хоно буго ракIчIараб чIобогояб жо, гьелда гъорлъ щибниги пайдаяб жо гьечIо. Гьелъул тIад бугеб хъал, ай гIабил гьабула гипсалъул, кальция паропиналдасан. Гьез хвечIого балеб заманги цIикIкIараб буго, химикатал холарелъулха.

Бизнесалъ цIикIкIараб хайир бачIунеб буго китаялъулазе, гIадамазул организмалъе абуни гьединал «деликатесал» хIинкъи бугел руго.

Кин лъазе кIолел гьересиял ханал? Гьересиял ханал унго-унгоязде дандеккун дагьал халатккарал руго. Гьелъул гIабил букIуна кунчIараб ва дагьабго тIаса хъачIаб. Гьересияб хоно бекани, тIогьилабги хъахIабги хоно цодагьаб заманалдасан цоцалъ жубала. Унго-унгояб гIанкIудал ханил берцинго бекани, гьел цоцалъ журачIого чIола.

Китаялъул гьересияб ханил гIабил бежани бухIула, унго-унгояб ханил гьеб бухIуларо. Гьересияб хоно гургинго белъани, хадуб тIаса гIабилги бацIцIад гьабун чанго сагIаталъ холодильникалъуб лъуни, гьелъул тIогьилаб хоноялда гIанкIудал ханазул гIадин рагIалабаздасан хъахIилаб кьер чIваларо. Гьересияб хоно бутIабазде биххун унаро унго-унгояб гIадин, амма цIунун хутIула кунчIараб химическияб форма. Белокги букIуна батIияб: гьелъул кьер букIуна тIогьилккараб ва бутIабиккун биххун уна.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 16 (7365)
Хамиз
11 Апрель 2019 сон



Дунялалда бугеб кинабго гӀакълу
Ракъаразе квенлъун букӀарабани,
Калккуталъул улбул лъималгун цадахъ
Цере хъаталги ккун гьарделароан.
Дунялалда ругел кучӀдузул бакьнал
Рукъзаллъун, гьундуллъун рукӀаралани
Африкалъул чагӀаз къватӀалги рехун,
КъачӀарал гьундузухъ ралаан сардал.

**Р. ХӀАМЗАТОВ**



# Поэзиялъул гьумер



**Исана М. ГъазимухӀамадовас тӀубана 60 сон. РакӀ-ракӀалъ баркула гьесда гьавураб къо! Учительлъун хӀалтӀулев вугониги МухӀамадица цӀикӀкӀараб кӀвар кьола поэзиялде**

## Бегавул

Бегавул абураб рагӀуда нахъа
Жавабчилъи буго цӀакъго кӀудияб,
«Кисандай росдае лъикӀлъи гьабилеб»?
Гьеле гьесул ботӀролъ букӀунеб суал.

РакӀ лъикӀав, лъай бугев, лъикӀлъи гӀемерав,
ГӀадатав,гӀакъилав, къадру-асс бугев,
Бекь-ХъахӀабросулъа МухӀамад вуго,
КӀвахӀ гьечӀев, ритӀухъав, сахав бегавул.

Кьун хадуса рагӀи хвезе тунгутӀи
Меседил хасият нухмалъулесул,
Хъалиян цӀаларев,гьекъел лъаларев,
ЛъикӀав инсан вуго Лабазанил вас.

Калам дагь гьабулев, хӀалтӀи гӀемерав
ХӀажалъи ккаразе кумек гьарзаяв,
БитӀккей, талихӀ буго ХъахӀабросдае,
МухӀамад гӀадинав бегавул вукӀин.

## Къуръан ва гӀелму цӀалиялъул хиралъи

Щибав муслимасда, муслиматазда
ГӀелму тӀалаб гьаби тӀад гьабун буго,
Лъан,бичӀчӀун гьабураб гӀибадаталъухъ
Кири цӀикӀкӀун кьезе къотӀи щулияб.

ГӀелму-лъай босизе гъира бугезе
Каримас квербакъи якъинаб буго,
ГӀелмуялъул лъаялъ лъалъарал ракӀаз
РикӀкӀадегӀан тола хӀарамабщинаб.

Къадирасул Къуръан лъазабуразе
ЛъикӀлъалаби руго рикӀкӀен гӀемерал,
Бичасе пуланав лагъ вокьаравго
Кьола Гьес гьесие динияб бичӀчӀи.

Гьаб дуниял, гӀумру ГӀазизас кьураб
Къурулъан гирулеб гамачӀ гӀадаб жо,
ГӀадамазда гьоркьов кӀиго чи вуго
КӀудияб даража жидее бугел:

Цояв: жиндий кьураб тӀолго бечелъи
Аллагьасул нухда хвезе гьабулев,
Цогидав:жиндие щвараб гӀелму-лъай,
Цогидазе кьолев свак, кӀвахӀ кӀочон тун.

«ГӀелму цӀаларазул жагьилазда тӀад
ТӀокӀлъалаби руго», гьаб хӀакъаб хӀадис,
Дунял дагьаб гьабун, дин цӀикӀкӀинабун
РачӀа хӀадурлъизин ахираталъе!

## Пикраби

Чан къодай хутӀараб хвезе ракьалда
Амма анищазул, унго, гӀемерлъи!
Гьаб дунял бокьиялъ, ахираталда
Ахир квещаб ккезе бокьун гьечӀеб куц!

Суннатал кӀалазул кӀвар дагьлъун буго
КъанагӀатлъун буго Къуръан цӀалиги...
ГӀицӀго фарз тӀубаялъ ТӀадегӀанисес,
Кагътал кваранисан кьеладай дихъе?.

*** *** ***

Ришватаз, лъай-хъваяз лъукъ-лъукъунги лъун
Нилъер гьаб жамгӀият «жагъаллъун» буго,
Исламалъ какараб цӀогьоди цӀикӀкӀун
ЦӀан бахъана баркат Бичас нилъехъа.

*** *** ***

Дуца гъветӀ чӀарабищ, мажгит барабищ
Нухалгун кьоязе кьурабищ гӀарац?
Мискин, пакъирасда мун гурхӀаравищ
ГурхӀиладай Аллагь ахираталда!?.

*** *** ***

Кибехун къадараб пиша кканиги
Гьелъул бетӀералда буго США,
РикӀкӀаде балагьун хӀиллаги ургъун
ХӀатӀикьан риччала ракълил улкаби.

*** *** ***

Гьереси бергьараб, ритӀухълъи къураб
Къоло цоабилеб гӀасрудал кьогӀлъи!
Магьди имамасухъ инагьдулеб халкъ,-
Нилъер хӀалбихьулеб буго РахӀманас.

*** *** ***

Хвезе рижарал лагъзал,
Разиго, рохун руго.
Хвел тохлъукье щвелилан,
Щайдай гьал кантӀуларел?

Квешлъиялъ квешлъи кьолин
КьучӀаб хӀадисги буго,
ЛъикӀал ишал цӀикӀкӀине
ЦӀакъ бахъизин гӀадамал.

## СагӀадат ИсхӀакъовалъе

Бащдаб гӀасруялде гӀунтӀулел руго
Дур гӀумрудул санал свак тун хӀалтӀарал,
Росулъ тӀоцеесей учительница
Дуца лъай кьуразул кьерал цӀикӀкӀана.

ТӀоцебесеб класс,гӀисинал лъимал
ГьетӀун,кӀичӀун хӀарпал хӀинкъадго хъвалел,
Дуца дурго квералъ гьезул кверги ккун
Чан лъимер куцараб берцинго хъвазе?!

ХӀарпалги дандеран тӀахьал цӀализе
ТӀадчӀун,сабуралда малъула дуца,
ЦӀиял рагӀабазул магӀнаги рагьун
Ругьун гьарула гьел дуца ургъизе.

СагӀадат,сахлъигун халатаб гӀумру
Ва гӀемераб рохел гьарула, дуе,
Гъварилъи гъорлъ бугел дур насихӀатаз
КантӀизарула ниж мекъи унелъул.

КӀвахӀ гьечӀого хӀалтӀун хӀурмат борхарай
Баркула ракӀ-ракӀалъ Эбелалъул къо!
Ункъабго лъимадул мун лъикӀай эбел
Аллагьас алжан кьун йохизаеги.

## ХӀакъал шагьидал

Какал разе къасдалда
БацӀцӀадаб ниятялда,
Мажгиталде рачӀарал
ЧӀван рехана шайтӀабаз.

Щвела гьезий шагьидлъи
РахӀманас гурхӀел гьабун,
Аллагьасул ццим цӀикӀкӀун
ЦӀадав вухӀила Таррант.

Щибниги гӀайиб гьечӀел
ГӀадамал чӀвазе ккани,
КигӀанго чӀегӀераб ракӀ
ЧӀвадарухъан, дур бугеб?!.

Наркоман вукӀун гьечӀо
Унтаравдай вукӀарав?
Гьасда лъезе гӀадаб цӀар
МацӀалде бачӀунаро.

Лъади, лъимал нахъе тун
Хварал гӀемер ратила,
Гьезул гӀагарлъиялъе
Дуца сабру кье, Аллагь!

## Рихьуни росо

КушматӀа, ШишиликӀ...жеги рикӀкӀаде
ТӀибитӀун букӀана Иргьанай-ханлъи,
Цебе Кавказалъул Албаниялда
Гьеб шагьар букӀана кӀвар бугеб бакӀлъун.

Дагъистаналдаго цӀар тӀибитӀарав
Сайгидул БатӀалил тӀалъи-Рихьуни,
Щулалъул гохӀалъул гучав багьадур
Балал МухӀамадил росо-Рихьуни.

Шарафудин устар, имам ХӀамзатбег
Рихьундерил дурцал руго кӀиялго,
ЦӀар арав гӀалимчи ГӀабдуллагь-хӀажил
Зияраталъ рилъа, Сириялдехун.

Серир улкаялъул «тахшагьар» жакъа
Къилбаялде буссун ислам диналда,
КӀудияб мадраса росулъги рагьун
Гьаз тӀарикъаталъул нух щула ккуна.

ХӀабиб МухӀаммадил наслудал чагӀи
ГӀумру гьабун ругеб-Рихьуни росо,
ХӀажимухӀаммадил, къадруяв къадил
Баракаталъ цӀураб ЦӀияб Рихьуни.

Иман, ислам бугел рихьундерица
Гьалбал хириязулъ хасаб бакӀ кола,
ЛъикӀаб гӀамал цӀикӀкӀун, гӀадамал рокьун
РахӀму-цӀоб цӀикӀкӀарал чагӀи руго гьел.

Мазгарул гӀасруялъ гӀумру цӀилъараб
ГӀажаибаб росо, некӀсияб шагьар,
Жакъа туристалги гӀемер рачӀунеб
Бокьула мех-мехалъ Рихьунив щвезе.

**МухӀамад ГЪАЗИМУХӀАМАДОВ.**
**Балахьуни росо**



# Спортивияб гьумер

## Студентазул бергьенлъи



Россиялъул студентазул волейбол хIаялъул XX Чемпионаталда гIахьаллъана

Генуб росулъа ГIабдулмажидов ГIабдулагьги, Майданское росулъа Абулмуслимов МухIамадярагъиги. Гьел ккола волейболалъул рахъалъ студентазул командабазда гьоркьор рахъарал Россиялъул чемпионал. ГIабдулаги МухIамадярагъиги уна Дагъистаналъул тIаса бищараб командаялде гьоркьореги. Гьезул команда бергьана Пензаялдаса, Ивановалдаса, Нижный Новгородалдаса командабазда данде. Командаялъул тренер ккола М. Гъайирбегов. Гьес 2005 соналдаса нахъе тренерлъи гьабулеб буго командаялъе. МухIамадица кидаго кумек гьабула командаялъул бажари бугел студентазе, чIезабула гьезие цIикIкIинабураб стипендия. Тренерасул рагIабазда рекъон живго спортсменасул гъираги тIад кIвар кьейги гьечIони, лъикIал хIасилазде рачIине бажаруларо, гIицIго ракI-ракIалъ бокьун гьабизе ккола иш.

Унсоколо районалъул бетIерасул, тIолалго районалъул гIадамазул рахъалъ ракI-ракIалъ баркула гIолилазда цIияб бергьенлъи. Жеги цIиял рорхалъаби нужее мукIурлъи буго нижер мурад!

## Лъалищ нужеда?

* Киналго сигаретазулъе жубан бук1уна чакар. Гьелъ сигаретазул кIкIуй тамах гьабула, гьединлъидал хъалиян бухIулесе хIухьел босизе бигьаго букIуна. Амма кIкIуйги чакарги цадахъ букIиналъ отравление кьезе бегьула, сахлъиялъе заралги букIуна.

* Паркинсонил унтуца кIвекIулесе хIинкъи цIикIкIараб букIуна ишемическияб инсульт ккеялъул. Инсульт нахъа тарасда хехго тIаде щвезе бегьула Паркинсонил унтиги.

## Извещение о предоставлении земельного участка в аренду

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса Российской Федерации, Администрация МО «с/с Балаханский» в лице зам. главы Тажбудинова А. А. сообщает о возможности представления в аренду земельного участка для ведения крестьянского (фермерского) хозяйства.

Граждане, заинтересованные в представлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявления договора аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 18.03.2019 по 18.04.2019 года (включительно) в Администрацию МО «с/с Балаханский» по адресу РД. Унцукульский район, с. Балахани.

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору лично или посредством почтовой связи на бумажном носителе, либо в форме электронных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

Описание земельного участка: 1.участок; кадастровый номер 05:35:000025:447, площадь 20000 кв.м. , категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан , Унцукульский район, с. Балахани.

Арендная стоимость установленная ООО «Институтом профессиональной оценки» — 5300 руб. в год.

Начальная (стартовая) цена в соответствии со соимостью участка, установленной ООО «Институтом профессиональной оценки», составляет 5300 (пять тысяч триста) рублей.

Справки по телефону: 89224845854

**У. М. НУРМАГОМЕДОВ.**
**Глава администрации МО «с/с Балаханский».**

## ТоргIо хIай – щивасе данде кколеб спорт




6 апрелалда Рихьуни росулъ букIана руччабазда гьоркьоб торгIо хIаялъул чемпионат. Гьеб тIобитIулеб букIана Россиягун Крым цолъизабиялъул Къоялъул хIурматалда. Соревнованиялда гIахьаллъана щуго росабазул командаби. Гьел ккола ГIашилтIа, ГьаракIуни, Майданское, Унсоколо, Шамильхъала росабазул руччабазул командаби.

Тадбир рагьун кIалъана райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадов. Гьес бихьизабуна волейбол хIай районалда бищунго бокьулеб спортлъун лъугьун бугин, гьарана гьезие бергьенлъаби, лъикIаб гьира-шавкъ. Гьединго руччабазе битIккей гьарун кIалъана М. ХIасанова.

Чемпионаталъул ахирисел хIаязда хIана ГIашилтIа ва Шамильхъала командаби, хIалуцарал къецазда 2:0 хIисабгун бергьана ГIашилтIа росдал ясазул команда. Гьезие щвана бергьенлъиги, кIиабилеб бакI ккуна Унсоколо росдал командаялъ, лъабабилеб бакIалде рачIана Шамильхъалаялъул команда.

БакI ккун букIаго абизин, ГIашилтIа ясазул командаялъул руго цо районалда гуреб республикаялдаго рагIарал бергьенлъаби. Гьел призераллъун рахъа на гIицIго районалда гурел республикаялъул финалаздаги. ГIахьаллъана ТIолгороссиялъул росабазул финалиял хIаязда – Пензаялда. 2004 соналда бергьана Чебоксариялда букIараб ТIолгороссиялъул росабазул риидалил хIаязда. Гьениб гьезие щвана лъабабилеб бакI.

## Вацал-ХIасановазул бергьенлъи



Гьал къоязда РДялъул Избербаш

шагьаралда FCГ – ММА квержубан рагъул тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIобитIараб чемпионаталда II ва III бакIал ккуна нилъер районалъул ХъахIабросулъа вацал, I9 сон гIумроялъул барав МухIамад ва I7 сон барав МухIамадрасул ХIасановаз. ХIадурлъиялъе гьел хьвадана МахIачхъала шагьаралда ГI-Р. СагIадуевасул цIаралда бугеб ДЮСШялде. Гьезул тренер ккола ХъахIабросулъа Сайгид ГIалиев.

РакIалде щвезабилин, гьеб кколаро вацазул тIоцебесеб бергьенлъи. Дагьал шапакъатал гьечIо гьезул чемпионатазда щварал. РакI-ракIалъ баркула М. ва М-Р. ХIасановазда иргадулаб бергьенлъи!

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз ва информационнияб централъ гьаридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго мировияб судалъул судья М. Набиевасда гьесул вац

**МухIума**

халат бахараб унтудаса хадув Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор**
**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**
**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 11.04.19 г. 16.00
фактически -16. 30 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.